

TRAFIK MOUN SE YON KRIM!

Fason pou w Evite viktim

1. Pa kwè òf anplwa anndan oswa deyò peyi ki promèt gro lajan/salè, gro benefis e ki mande on ti kal oswa okenn kalifikasyon e ki pa sanble on reyalite.
2. Kontakte ajans gouvènman nan peyi kote yo ofri djòb la pou w ka konnen tout sa w bezwen konnen sou òganizasyon an e pou w verifye si pozisyon an disponib oswa si amplaye a ak biznis lan egziste tout bon vre e si se on bagay legal.
3. Ale nan sesyon edikasyonèl ak seminè ke gouvènman ak sosyete sivil òganize pou enfòme moun sou Trafik Moun.
4. Prete atansyon ak anons piblik ki bay enfòmasyon sou Trafik moun nan radyo, televizyon, jounal ak entènèt.

Ttafik Moun se on krim nan peyi Bahamas selon Ak **Trafik Moun (Prevansyon ak Sipresyon) Ak 2008.**

Yon kriminel zak Trafik Moun ka pran ant 3 zan rive jiska prizon pou lavi epi li ka peye on penalite \$15,000.

Fason pou w Rapòte Trafik Moun.

Si w santi w se on victim trafik oswa w sispek on moun se on victim, Silvouplè kontakte youn nan ajans sa yo imedyatman:

The Royal Bahamas Police Force	919/911
The National Hotline	1-242-322-2763
Crisis Centre Hotline	1-242-328-0922
The Ministry of National Security	1-242-502-3300

Pa ezite rele nimero sa yo ki nan lis oswa kontakte ajans yo dirèkteman pou w ka jwenn èd. W ap jwenn bon profesyonèl ki p ap mete pawòl ou nan lari e ki ap trete w byen e ki pa p kritike w.

Pou plis enfòmasyon sou Trafik Moun:

Silvouplè vizite:

www.bahamas.gov.bs/nationalsecurity oswa
nationalsecurity@bahamas.gov.bs




**The Ministry of National Security
Churchill Building
Rawson Square, Bay Street
New Providence, The Bahamas
Telephone: 1-242-502-3300**

Email: nationalsecurity@bahamas.gov.bs
Website: www.bahamas.gov.bs/nationalsecurity



Trafik Moun

On Krim Kont Limanite
Esklav Moden



Gouvènman Bahamas ak Ministè Sekirite Nasyonal asosye ak Fòs Nasyonal Trafik Moun ak plizyè lòt patnè pou konbat Trafik Moun.

Ki sa Trafik Moun Ye?

Yo defini Trafik Moun tankou rekrète, transpòte, transfere, sere moun epi resevwa moun lèw itilize menas, presyon ak fòs, kidnaping, manti, frod, ,abi pouvwa, bay oswa resevwa benefis ak entansyon pou w eksplwate moun.



Ki Jan Trafik Moun Fèt?

Eksplwatatsyon: Sa ka rive nan plizyèfason:

- **Eksplwatasyon Seksyèl:** Prostitisyon fòse, Pònografi, dans toutouni.
 - **Travo fòse:** Agrikilti, pèch, travay nan min, fè rad (kouti), travay nan kay, fè bòn/ restavèk.
 - **Fè Bòn/ restavèk.:** Nan kay prive, nan bznis oswa Chòp.
 - **Mandyan Fòse:** Nan lari, nan transpò publik.

Trafik Moun fèt pa mwayen aktivite sa yo tou.

- De bouch an bouch.
 - Nan jounal (seksyon travay)
 - Nan entènèt
 - Transpò nan avyon, bato,
machine, tren.



**Ki yès ki ka victim
Trafik Moun?**

On victim ka on gason
oswa on fi, on moun
majè, granmoun
tankou timoun, rich
kou pòv)

Ki kòz Trafik Moun?

Kèk nan kòz Trafik Moun: Povrete, mizè, abi, chomaj/mank travay, mank opòtinite pou jwenn edikasyon, konfli sosyal e politik.

Trafik Timoun

Yo trafike timoun pou aktivite sa yo: Eksplawatasyon seksyèl, ti vòl, krim, fè restavèk, mandyan.

Yon timoun pa ka bay konsantman pou l'anatre nan okenn zak trafik moun.

Profil Trafikan an.

Trafikan an ka youn oswa de (2) moun, gason oswa fi, oswa on group moun k ap travay ansanm (network).



Profil Viktim nan.

Yon moun ki trafike ka gen kèk oswa tout siy sa yo:

- Li pa ka gade w nan je
 - Problem emosyonèl oswa sikolojik. Problèm depresyon, enkyetid, blese pwòp tèt pa li oswa anvi touye tèt li.
 - Mak vizib sou kò li. (blesi, mak kou ak boule)
 - Li toujou gen moun ak li/akonpanye
 - Lap viv ak anpil moun nan kondisyon sal oswa lap viv ak bòs li.
 - Li pa touche pou travay li fè oswa li touche on ti kal lajan.
 - Se pa li ki jere lajan l.
 - Pa gen kontrol dokiman l, paspò oswa kat didantite.
 - Pa ka deloje oswa kite travay la.
 - Pa pale lang lokal la.
 - Pa pale pou tèt li. On moun toujou ap pale pou li.
 - Li se on etranje nan kominote a
 - Travay ak anplwayè a pa sanble.